diggante ñaari nodd yu nekk am na julli, diggante ñaari nodd yu nekk am na julli" topp mu wax ca ñatteel ba: "ñeel ku mu soob

Jële na ñu ci Abdallah Ibn Muxaffal yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «diggante ñaari nodd yu nekk am na julli, diggante ñaari nodd yu nekk am na julli" topp mu wax ca ñatteel ba: "ñeel ku mu soob».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day leeral ne diggante nodd ak liqaam gu nekk am na jullig naafila, mu baamtu ko ñatti yoon, mu xamle ca gu mujj ga ne loolu dañu ko sopp ci ku bëgg a julli.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65479